

DIKTAT MATA KULIAH  
PENGANTAR PENGKAJIAN SASTRA  
(NGENGRENGAN KASUSASTRAN JAWI)



Dening

Sri Harti Widayastuti, M. Hum

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
TAHUN 2013

DIKTAT MATA KULIAH  
PENGANTAR PENGKAJIAN SASTRA  
(NGENGRENGAN KASUSASTRAN JAWI)



Dening

Sri Harti Widayastuti, M. Hum

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
TAHUN 2013

## DAFTAR ISI

Halaman depan .....	i
Daftar isi .....	ii
Silabi .....	iii
Purwaka .....	1
Bab 1. Pangertosan Sastra lan Kajianipun .....	2
Bab 2. Pujangga lan Sastra .....	9
Bab 3. Kaendahan Sastra .....	26
Bab 4. Jenis Karya Sastra Jawa .....	38
Daftar Pustaka .....	57

## Purwaka

Diktat punika karumpaka kangge pasiaonan mata kuliah Pengantar Pengkajian Sastra (Ngengrengan Kasusastran Jawi) ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Basa saha Seni Universitas Negeri Yogyakarta. Wondene ingkang dados garapan ing salebeting seratan punika inggih perkawis kados pundi pangertosan sastra dalah kajianipun, saha kados pundi nyengkuyung pawucalan basa, sastra, budaya Jawi ingkang saged narik kawigatosan saha nuwu hake remen tunrap para siswa, ndadosaken motivasi ingkang inggil kangge sinau basa, sastra, budaya Jawi, ugi boten kantun karembag

Wekdaling diktat punika kaangkat saged nglancaraken kridhanipun para kadang mahasiswa ingkang nembe ngangsug Kawruh. Matur nuwun.

Yogyakarta, 11 September 2013

Sri Harti Widayastuti, M.Hum

## BAB I

### PANGERTOSAN SASTRA LAN KAJIANIPUN

#### A. Indikator Pawucalan

Sasampunipun sinau materi bab pangertosan sastra lan kajianipun, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan media
2. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan sastra
3. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan karya sastra
4. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan kajian sastra

#### B. Pangertosan Kajian

Tembung ingkang celak kaliyan kajian inggih menika panelaah, panaliten, panyelidikan, saha pamriksan. Tandhingan menika wigati dipunlampahi supados konsep ingkang dipunginakaken wonten andharan ingkang mangke saged kafokus dhateng inti perkawis.

Tembung “panelahan” minangka sambungan tembung dasar “telaah” kanthi konfiks pe- + -an. Tembung “telaah”, wonten ing KBBI (1994: 1025) dipunsebataken minangka gadhah teges, panyelidikan; kajian: pamriksan; panaliten”. Tembung “panelaah” ing wonten KBBI (1994: 1025) dipuntegesi minangka proses, patrap, cara nelaah” (KBBI, 1994: 1025). amargi tembung “telaah” piyambak gadhah teges kados kaurai ing nginggil, dados tembung “panelaahan” ugi saged ateges: (1) proses, patrap, cara nyelidiki; (2) proses, patrap, cara ngaji; (3) proses, patrap, cara mriksa; (4) proses, patrap, cara naliti. Dados, tembung “panelahan” gadhah teges ingkang gayut kaliyan tembung panyelidik, pengkajian, pamriksan lan ugi panaliten.

Tembung panaliten gadhah gayutan kaliyan tembung pamriksan lan panyelidikan. Tembung panyelidikan minangka gabungan tembung dasar “selidik” kanthi konfiks pe- + -an. Tembung selidik gadhah teges (1) teliti. Tembung

panyelidikan” gadhah teges (1) usaha supados angsal informasi kanthi pangempalan dhata; (2) proses, patrap, cara nyelidiki, pangusutan, panglacakan (KBBI< 1994: 899). Dados tembung panyelidikan kirang gadhah kaitan sacara langsung kaliyan sekawan tembung sanesipun.

Tembung pamriksan minangka gabungan tembung dhasar priksa kanthi konfiks pe- + -an. Tembung “priksa” piyambak gadhah teges ‘ ningali kanthi teliti. Tembung pamriksan gadhah teges (1) proses, patrap, cara mriksa; (2) kasil pangangsalan) mriksa; priksaan, (3) panyelidikan, pangusutan (perkawis, lan sapanunggilipun). Dados, tembung pamriksan gadhah gayutan naming kanthi tembung “panyelidikan” lan kirang gadhah gayutan kaliyan katiga tembung sanesipun.

Salajengipun tembung kajian asalipun saking tembung “kaji” ingkang ateges (1) pawucalan ; (2) panyelidikan. Wiwit saking pangertosan tembung dhsar ingkang mekaten, tembung kajian dados ateges “proses, cara, patrap ngaji; panyelidikan (pawucalan ingkang nglebet); panelaahan (KBBI, 1994: 431) dados tembung kajian gadhah gayutan kaliyan pangetasan tembung panyelidikan (tegesipun pawucalan ingkang nglebet’) lan panelaahan”. Salajengipun tegsipun “pawucalan ingkang mlebet” (panyelidikan), tembung “kajian” saged gadhah gayutan kaliyan tembung panaliten, ateges “kegiyatā pangempalan, pangolahan, analisis, lan panyajian dhata ingkang dipunlampahi sacara sistematis lan objektif kangge ngrampungaken perkawis utawi nguji satunggaling hipotesis kangge ngembangaken prinsipprinsip umum’.

Saking andharan ing ·ngginggil ketingal bilih tembung kajian gadhah gayutan celak sanget kaliyan tembung ‘panelaahan”, salajengipun panyelidikan (wonten pangertosan ingkang alus). Tembung kajian gadhah pangertosan ingkang cekap wiyar, inggih gayut kaliyan panyelidikan (pawucalan ingkang nglebet), “panelaahan”, lan ugi panaliten. Satunggaling perkawis ingkang prelu katandhani, uraian ngengingi tembung pengkajian tansah ngarah ing pendhidhikan, bilih wonten teges pawucalan menapa pangandharan ngengingi ilmu pangetahuan.

### C. Pangertosan Sastra

Wonten ing kasusastran Barat istilah sastra asing kasebat fiksi. Bab menika awit saking sastra minangka karya imajiner lan estetis. Pangertosan menika saya kandel menawi puntujokaken woten ing donyaning gancar utawi prosa ingkang ing sastra Barat kasebat fiksi utawi teks natatif lan wacana naratif. Istilah fiksi ing pangertosan menika ateges cariyos rekan utawi cariyos khayalan (Nurgiyantoro, 1995: 2).

Dene donyaning fiksi kapilah dados fiksi popular lan serius. Wonten ing fiksi serius langkung kathah pawucalan ingkanng migunani tumraping manungsa nanging boten nyukani kanikmatan kangge maos. Teks ingkang kaanggit kalebet teks ingkang angel. Teks fiksi serius ngandhut tantangan ingkang angel kados dene wanganan ingkang rumit ingkang kathah detail lan pernik ingkang ngupengi ide pokok. Fiksi serius prelokaken cara maos ingkang cermat, nikmat, lan cara mahami karya dipunlampahi sekedhik mbaka sekedhik (Stanton, 2007:6). Dene fiksi popular inggih cariyos ingkang awujud khayalan ingkang ngandhut kanikmatan lan ide-ide ingkang gampil lan adhedhasar karakter-karakter ingkang nyebabaken pamaos remen. Pamaos boten prelu maos kanthi serius. Awit ide pokok sampun saged kadhudhut.

Wellek Warren (1993) nyobi ngandharakan mapinten definisi sastra, ingkang sejatosipun sedaya definisi menika kaajab manggihi definisi ingkang palng tepat. Sepisan, sastra inggih menika menapa satunggaling ingkang kaserat utawi kacithak. Kanthi pangertosan mekaten, dados menapa satunggaling ingkang kaserat, menapa menika ilmu kadhogteran, ilmu sosial, utawi menapa mawon ingkang kaserat inggih menika sastra.

Kaping kalih, sastra dipunwatesi naming ing ‘mahakarya’ (great books), inggih buku-buku ingkang dipunanggep nonjol, amargi betuk lan ekspresi sastranipun. Wonten ing bab menika, kriteria ingkang dipunginakaken inggih menika segi estetis dipunkombinasikaken kanthi nilai ilmiah.

Katiga, sastra dipuntrepaken ing seni sastra, inggih dipuntingali minangka karya imajinatif. Istilah “sastra imajinatif” (*imaginative literature*) gadhah gayutan kaliyan istilah belles letters (seratan ingkang endah lan sopan, asalipun saking basa Prancis), kirang langkung kados pangertosan etimologis tembung susastra. Definisi katiga menika ngarahahken kita kangge mahami sastra kaliyan langkung rumiyen ningali aspek basa:basa ingkang kados pundi ingkang khas? Dados dipunprelokaken tetandhingan mapinten ragam basa: basa sasra, basa ilmiah, lan basa sadinten-dinten.

Beda kaliyan Welek lan Werren ing nginggil, kaum romantik, ingkang dikutip dening Luxemburg dkk (1989), ngandharaken mapinten titikanipun sastra. Sepisan sastra inggih menika satunggaling ciptaan, satunggaling kreasi, sanes satunggal imitasi. Satunggal sastrawan nyiptakaken donya enggal, nerasaken proses panciptan wonten ing samesta alam, lan ugi nyampurnakaken.

Kalih, sastra minangka emosi ingkang spontan. Wonten sastra, khususipun geguritan, kaungkap nepsu-nepsu kodrat ingkang murub, hakikat gesang lan alam. Wonten istilah panyair Wordworth Poetry is the spontaneous overflow or powerfull feelings.

Katiga, sastra asifat otonom, boten ngacu dhateng satunggaling ingkang sanes; sastra boten asifat komunikatif. Sastrawan namung manggihi kasalarasan wonten ing karyaipun.

Kaping sekawan, otonomi sastra menika katitikan satunggaling koherensi. Pangertosan koherensi menika wiwitanipun ngacu ing kasalarasan ingkang nglebetantawis bentuk lan wos. Saben wos gayut kaliya satunggaling bentuk utawi andharan tartamtu. Sanesipun menika, kohesi dipunkersakaken ugi nedahaken gayutipun timbal-balik antawis ingkang bagian kaliyan sadayanipun lan sawalikipun.

Gangsal, sastra nyamektakaken satunggaling sintesa antwis bab-bab ingkang sami atentangan. Patentangan-patentangan menika maneka rupi dhapukanipun.

Wonten patentangan antawi ingkang dipun sadhari lan boten dipunsadari, antawis kakung lan putri, antawis roh lan barang, lan salajengipun.

Kaenem, sastra ngugkapaken ingkang boten kaungkap. Sastra saged ngawontenaken maneka warni asosiasi lan konotasi ingkang wonten basa sadintendinten awis kita panggihi.

Sasmpun ngandharaken pamanggih kaum romantik kasebat, Luxemburg dkk. (1989) piyambak gadhah pamanggih bilih boten mungkin nyaosi satunggaling definisi ngengingi sastra sacara universal. Sastra inggih menika satunggaling nama ingkang kanthi alesan tartamtu ing satunggaling lingkungan kabudayan.

Ahdedhasar pamanggihipun menika, Luxemburg dkk, langkung remen kangge nyebat faktor ingkang saged dipunwastani dados titikanipun sastra. Sepisan, bilih sastra inggih menika teks-teks ingkang boten teras dipunsusun utawi dipunginakaken kangge satunggaling ancas komunikatif ingkang praktis lan ingkang naming kalangsung kangge sawetawis wekdal mawon. Sastra dipunginakaken ing situasi komunikasi ingkang dipunatur dening satunggaling lingkungan kabudayan tartamtu.

Kalih, kanthi ngacu ing sastra Barat, khususipun teks drama lan cariyos, teks sastra dipuntitiki kanthi wontenipun unsur fiksionalitas ing lebetipun.

Katiga, bahan sastra dipunolah sacara istimewa. Wonten ingkang nekanaken ekuivalensi, wonten ingkang nekenaan panyimpangan basa saking tradisi basa lan tata basa.

Sekawan, satunggalipun karya sastra saged dipunwaos miturut tahap-tahap teges ingkang beda-beda. Pundi tahap-tahap teges menika saged dipunmaki lumi sinambi maos karya sastra ahdedhasar ing mutu karya menika ingkang gayut lan kamampuan pamaos kaliyan teks-teks karyanipun.

Teeuw (1988) ngandharaken sastra kanthi ngginakaken makna ingkang kaandhut wonten ing tembung sastra kasebat kanthi cara nandhingaken nama lan pangertosan tembung kasebat ing mapinten Negara. Wonten basa-basa Barat, sastra dipunsebat kanthi nama literature (Inggris), Lierature (Jerman), literature

(Perancis), sedayanipun asalipun saking basa Latin literatura. Tembung literature sajatosipun dipunciptakaken minangka tarjemahan saking tembung Yunani gramatika; litteratura lan gramatika piyambak-piyambak, adhedhasar tembung littera lan gramma ingkang ateges ‘huruf’ (seratan, letter). Miturut asalipun, litteratura dipnginakaken kangege tatabasa lan geguritan; wonten basa Perancis tasih dipnginakaken tembung letter Belanda geletterd; tiyang ingkang pradapanipun kanthi kawigegan khusus ing bidang sastra, Inggris *man of letters*. *Literature* lan salajengipun umumipun ateges ing basa Barat modern: satunggaling ingkang kaserat, basa ingkang kaginakaken ing bentuk seratan. Ing basa Jerman, ingkang tansah aktif sanget manggihi tembung Jerman asli kangege konsep asing, dipunginakaken kalih tembung Jerman asli, inggih Schriftum, ingkang kalebet sedaya menapa ingkang kaserat, menawi Dichtung biasanipun winates ing seratan ingkang boten langsung gayut kaliyan kasunyatan, dados ingkang asifat rekan, lan sacara implisit lan ugi eksplisit dipunanggep gadhah nilai estetik.

Saking kalangan akademik ugi asring sastra dipundefinisikaken jumbuh kaliyan karangka teori ingkang dhasar.

Adhedhasar teori objektif, sastra dipundefinisikaken minangka karya seni ingkang otonom, madheg piyambak, bebas saking panganggit, realitas, menapa ugi pamaos. Adhedhasar teori mimetik karya sastra dipunanggep minangka tiruan alam utawi pagesangan. Adhedhasar teori ekspresif karya sastra dipuntingali minangka ekspresi sastrawan, minangka curahan raosan lan panggalihan sastrawan, utawi minangka produk imajinasi sastrawan ingkang nyambut damek kaliyan pamanggih-pamanggih, panggalih-panggalih utawi pangraosan-pangraosanipun. Adhedhasar teori pragmatik karya sastra dipuntingali minangka sarana kangege ngandharaken ancas tartamtu, tuladhanipun nilai-nilai utawi ajaran dhateng pamaos (Abrams, 1981).

#### **D. Pangertosan Karya Sastra**

Pangertosan karya sastra inggih menika arupi sistem-sistem sastra ingkang nedahaken wontenipun *totalitas* saking wontenipun unsur-unsur sastra ing lebetipun awit saking teks sastra minangka sedaya bab ingkang gayut kaliyan unsur-unsur lan ngandhut makna. Wonten ing teks sastra sedaya ingkang gayut kaliyan basa inggih menika irama urutan tembung lan sanesipun gadhah manpangat makna lan makna. Wonten ing karya sastra unsur ingkang wonten ing lebetipun gayut kaliyan konvensi utawi aturan nanging semantena ugi ngandhut kalonggaran lan kabebasan saking panganggit, pramila sistem sastra ing lebetipun lajeng boten stabil gampil ewah (Teeuw, 1983: 4). Kanthi langkung cetha karya sastra kajarwakaken minangka karyaning panganggit awit saking wonten sistem ingkang gayut antawisipun sastrawan, karya sastra, alam saha pamaosipun. Karya sastra mawujud kanthi jenis-jenis ingkang mawarni-warni (Siswanto, 2008:11).

#### **E. Pangertosan Kajian Sastra**

Saking definisi pengkajian lan definisi sastra ing nginggil, pramila pangertosan ngengingi pengkajian sastra minangka sintesis saking kalih pangertosan kasebat. Kados kaandhar ing nginggil, kajian dipundefinisikaken minangka proses, cara, patrap ngaji, nyelidiki (pawucalan ingkang lebet); panalaan. Salajengipun definisi sastra gayut sanget ing persepektif ingkang dipunginakaken kangge ningali. Sinaosa mekaten, lepas saking perkawis definisi ingkang dipuncobi dipunrumusaken, ing masarakat, khususipun masarakat akademik, sampaun dipunsepakati ngengingi menapa ingkang dipunwastani karya sastra. kasepakatan ngengingi objek material menika ingkang dados fokusualitin sastra. Kanthi mekaten, kajian sastra saged dipuntegesi minangka sintesis saking kaping kalih pangertosan kasebat. Kajian sastra saged dipunmangertosi minangka proses utawi patrap ngaji, nyelidiki, lan nelaah objek material ingkang anami sastra.

## BAB II

### PUJANGGA LAN SASTRA

#### A. Indikator Pawucalan

Sasampunipun sinau materi bab pujangga lan sastra, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan pangripta kanthi nama sesinglon
2. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan bab pujangga
3. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami tembung teges, ide, lan swanten ing karya sastra

Saben karya sastra dipunlairaken dening pangriptanipun. Ing sastra lisan kados-kados pangripta ketingal ical amargi dados gaduhanipun sesarengan. Karya sastra ingkangmekaten kasebat sastra Kuna amargi pangriptanipun boten dipunnyatakaken secara eksplisit pramila kados tanpa nama. Karya sastra mekaten ugi kasebat sastra anonym. Dene karya sastra ingkang cetha name pangriptanipun kasebat sastra miji utawi kagunganipun pribadhi. Dene wonten ing karya sastra Jawa sastra miji kawangun wonten ing pinten-pinten cara kange nedahahken sinten pangriptanipun. Cara menika wonten ingang mawi cara sesinglon nanging ugi ingkang wonten mawi cara nedahahekn sinten ingkang ngripta kanthi cetha.

#### B. Pangripta Kanthi Nama Sesinglon

Cara-cara kange ndamel nama sesinglon ketingal mawarni-warni. Dene tuladha pangripta ingkang mawi nama sesinglon inggih menika Suhawi saking nama asli Suwanda Hadi Wijaya minangka pangripta *Borobudur*, *Rumpakan Suruping Srengenge* dene nama sesinglon Srini saking nama asli pangripta Kusrin panyerat novel Larasati modern. Anik Asmara minangka sesinglon saking nama Ahmad MUBaini Ranu Sastra Asmara panganggit roman *Anteping Wanita*. Jaya Dinama saking nami asli Jaya Diguna, dene Liamsi saking nama Ismail ingkang nyarat cerpen anak *Kualon*. Subagya IN singkatan saking Subagya Ilham Natadijaya panganggit

cerpen Dina Ba'da Nggawa Beja. Sutandar SG. Saking nama asli Sukandar Sastra Sugonda panyerat cerpen Woh Kului. ST Iyesmaniasita saking nama Sulistiya Utami Ismaniasita panyerat cerpen Kidung Wengi Ing Gunung Gamping. Deme Kamajaya saking nama asli Karkono Parto Kusuma panyerat Jaman Edan. Agrarini saking nama asli Sumarman panyerat cerkak *Eman Dek Aku Wis Duwe*. Dwi Prasaja S, nami saestunipun Sudarmo KD panyerat cerpen Nglari Endah Suwarno.

Ewadene pangripta-pangripta wonten ing karya puisi mawi seinglon ingkang asring kasebat sandi asma miturut bab-bab:

1) Wiwituning gatra

“rasasing tyas sanistyasa tistis,  
Denta mardi mardawaning basa,  
ngayawara pawarane,  
bela-bela ing kalbu,  
hinerkata tan wrin ing wresthi,  
rongkap gatining gitaa,  
ganitaniranatuk,  
wartaning kang parotama,  
sinawung ing nirmala, turangga jati,  
talitining carita

(Serat Panji Jayengtilang)

2) Wonten ing gatra pungkasan

Barang-barang ngerong,  
saguh tanpa raga,  
katalikal kawawar,  
dhadhal amekasi,  
tandha murang tata

(Serat Jaka Lodhang)

3) Wonten ing Pedotan Sepisanan

Kadarpengtyas/ mastutyeng mamanis

Kumawawa/ angiket lukita,  
Nulat pra sang/ ngamurwengreh,  
Tan tolih/ bekeng kalbu,  
Dera dhahat/ ina ing budi,  
Marmanta manrang karya,  
Gita/ nguntir kayun,  
Mung kayungyun/ wirayatnya,  
Ri sang dwiya/ jati ning kang wasita di,  
Denta/ ya wyanjan

- 4) Wonten ing pungkasan Pedhotan
- Tan pantara/ ngesthi tyas artati,  
Lir winidyan/ saroseng parasdfa,  
Ringa-ringa/ pangriptane,  
Tan darbe/ labdeng kawruh.  
Mung ngruruhi/ wenganing budi,  
Kang mirong/ ngaruara,  
Njaga/ angkara gung,  
Minta luwar/ ring duhkita,  
Awa kongsi/ kewran lukiteng kinteki,  
Kang kata/ ginupita.

(Serat Wedyatmaka)

- Song-song gora/ candraning hartati,  
lir winidyan/ saroseng parasdfa,  
ringa-ringa/ pangriptane,  
tan darbe/ labdeng kawruh,  
angranuhi/ wanganing budi,  
kang mirong/ ruareng tyas,  
jaga/ angkara gung,  
minta luwar/ ring duhkita,

away konsi/ kewran lukiteng kinteki,  
kang kata/ ginupita,

(R.Ng. Ranggawarsita-Serat Cemporet)

5) Wonten ing satunggal gatra pungkasan minangka panutup.

Sageda sabra santsa,  
Mati sajrning ngaurip,  
Kalis ing reh aru ara,  
Murka angkara sumingkir,  
Tарlen melang malatsih,  
Sumaruna anarawung,  
Hadharing sapukandha,  
Antuk mayar sawatawis  
Barong angga sawarga mesi martaya

(Serat Wahyu Makutharama)

6). Ing kalih gatra purwaka.

sinawuning kang swara hartati,  
sinawuning kang swara hartati,  
sasadone mangiket gitaya,  
Makutharama wastane, yeku Sri Kresna Prabu,  
Naranata ing Dwarawati, mendra king jro pura,  
Ngasrama neng gunung,  
Kutharungu raning arga,  
apeparap Begawan Kesawasidhi,  
mahambeg dwijawara.

(Serat Wahyu Makutharama)

7) Ing Kalih Pada Sekar

a. Rasaning gita yen wimbuh,  
den sawung ing tembang kadi,  
mas drama tinrapan hirya,

ri kang nindya lumrang wening,  
ya mangkara malih pama,  
gandamarum kongas saking,

- b. Kusuma anjrah sumawur,  
tan sendhu manduk ing aksi,  
miwah tumujweng nasika  
mangkana karya upami, titis langaning lukita, lamun rinancaneng gendhing.

Gatra pungkasan pada sepisan lan gatra sepisan pada kalih minangka kekirangan sandi asma ing anggitan menika amargi saben kalima gatra pada sepisan wosipun satunggal wanda sandi asma, menawi gatra kaenem pada sepisan wosipun satunggal tembung andi asma ingkang wonten kalih wanda. Lan ugi gatra sepisan pada kalih wosipun satunggal tembung sandi asma ingkang wonten tiga wanda, gatra kaping kalih dumugi kaping enim pada kalih boten wonten sandi asma. Kejawi sandi asma kados ing nginggil wonten malih inggih wonten ngandhap menika:

- 8) Sandi asma ingkang ugi dipunsebat nama papan panyerat, tuladhanipun:

- a. Saking dahat karoban memanis,  
ngiket basa nulat pra sarjana,  
dandyan ringa pangriptane,  
ing mangkya kapiluyu,  
pra pujangga gennya manganggit,  
jaman ang wus kawuntat,  
supadaya, pikantuk,  
rarasing kang pralampita,  
karkating tyas rinuruh kalawan ririh,  
talering kang carita.

(Sangidan-Baratayuda)

- b. Raras ruiming sarkaranira ris,  
den kapeksa mangapus pustaka,  
tabuteng tyas tan wrin ing reh,

mamruh amardi kayun,  
dinuking nirdeya ugi,  
kadayan darpa limpat,  
rasikaning kidung,  
sumengka ngangka pujangga,  
rarasing ukara kang pinarsudi,  
karya wedharing kata.

(Serat-Pranacitra)

- 9) Saben wiwitan tembung boten wonten satunggaling wanda ananging satunggalipun tembung, tuladhanipun:

Punggawa Yogyo nyenyilah,  
wisaning wengkon sinirik,  
martane kang den upaya, kaparek mring mirowangi,  
kanan kering udani,  
ngabehi saliring kawruh,  
reksa rumeksanira,  
dining wewengkon kaeksi,  
praja nira mrih lulus tat raharja

Saking tuladha-tuladha ing ginggil cetha bilih ingkang wigati papan wanda-wanda tembung sandi asma menika tetep lan katata saengga gampil dipunmangertosi pamaos.

Sampun kathah dipunandharaken nama puangga ananging asalipun tembung menika piyambak dereng dipunandharaken. Wonten sejarah sastra sebatan panganggit karya sastra ewah-ewah. Saking jaman Mataram Kina dumugi akhir jaman Singasari, panganggit karya sastra dipunsebat empu, kados empu kanwa, Darmaja, Sedah, lan Panuluh, Tan Akung. Ing Pararaton wonten sebatan empu janggan tuladhanipun empu janggan ing Sagenggeng, ingkang aeges tuan guru ing Sagenggeng. Mbok bilih

pujangga menika saking pangewahan tembung empu janggan kaicalan wanda ingkang wiwitlan em lan akir an utawi n. Pamanggih sanes ngandharaken bili pujangga asalipun saking tembung bhujangga ateges ula utai naga. Menika dados sebab manapa ing tapak asma - pujangga Ranggawarsita wonten lukisan naga. Piyambakipun ingkang kanthi tegas nyebut piyambakipun pujangga kados kacantum ing pada seisan Serat Kalatidha mekaten:

Wahyaning harda rubeda,  
ki pujangga amengeti,  
mesu cipta mati raga,  
mudra warananing gaib,  
ananira sakalir,  
ruwedding sarwa pakewuh,  
wiwaling kang warana  
dadi badhaling yang Widi  
amedharaken paribawaning bawana.

## B . Pujangga

Miturut Rt Sastranegara utawi Ranggawarsita I ingkang ing samangke misuwur kanthi nama Kyai Yasadipura II, wonten wolung bab minangka syarat pujangga. Sarat menika wonten wolu, nem sarat saged dipunsinau, dene kalih ingkang pungkasan minangka wahyu. Dene 8 bab menika:

1. Parama sastra tegesipun lipat ing kasusastran, mangertos ing sedaya bab gayut kaliyan sastra
2. Parmana Kawi tegesipun limpat ing babagan kawi. Wonten kalih istilah bab kawi ingkang sepisan gayut kliyan Jawa Kuna, ingkang kaping kaling tembung-tenmbung ingkang asring dipunangge dening pujangga. Ktembung kawi menika sring kasebat Kawi Miring.
3. Mardi basa tegesipun saged ngginakaken tembung ingkang trep kanthi margi nyekak utawi manjangaken tembung.

Wonten tiga warni cara nyekak tembung inggih menika apheresis, pangicalan fonem utawi wanda purwaka, synoope, pangicalan fonem utawi wanda tengah; apocope, pangicalan fonem utawi wanda pungkasan. Ing istilah sastra Jawi dipunsebat “pluta” menawi kadadosan ing satunggaling tembung: dipunsebat “garba” menawi kadadosan ing kalih tembung. Wonten tiga warni jenis garba inggih “garba sutrawan, sutraye, lan wargaha”.

Wonten tiga warni cara manjangaken tembung inggih prosthesis, panambahan fonem utawi wanda purwaka: epenthesis (mesogoge), panambahan fonem utawi wanda tengah; paragoge, panambahan fonem utawi wanda akir.

4. Mardawa lagu, ingkang ateges saged ndamel lagu ingkang langkung sae.
5. Awi cariyos, ingkang ateges kados badhe cariyos ingkang dados pitedah manungsa.
6. Mandra guna, ingkang ateges kados kawigegan teknik cipta sastra.
7. Nawung kridha, ingkang ateges ndimensi wiyar saha gadhah nilai raos ingkang mlebet. Wonten kalih warni dimensi inggih menika dimensi wekdal lan papan. Wonten tiga warni dimensi wekdal inggih jaman rumiyen, jaman samenika, saha jaman ingkang ngajeng.
8. Sambegana, ingkang ateges tansah kemutan. Menapa mawon ingkang nate dipuntingali boten saged kasupenaken.

Wonten jaman Majapahit ing antawis gelar empu dipunginakaken ugi gelar rakawi tuladhanipun empu Tan Tular lan rakawi Prapanca.

Boten sedaya panganggit dipunwastani pujangga . ing jaman Surakarta wiwitlan tepang tiga pujangga inggih menika: Yasadipura I lan II sarta Ranggawarsita. Lan ugi ingkang pungkasan menika pujangga panutup. Ateges sasampun piyambakipun ing lingkungan sastra Jawi boten wonten pujangga malih. Tuladhanipun Ki Padmasusastra anyebut pribadhinipun tiyang merdika ingkang mersudi basa tuwin kasusastran Jawi. Nama ingkang lazim kange nyipta karya sastra

inggih panganggit. Pitakenanipun inggih menika menapa wonten pujangga menika sanes manungsa ingkang saged, badhe dipuncobi mangsuli ing ngandhap menika:

### **1. Pangalaman Jiwa, ide, lan imajinasi.**

Ing pagesangan sadinten-dinten manungsa tansah nglampahi ingkang sae bilih wonten ing jawi menapa lebet jiwanipun. Satunggaling ingkang wonten ing jawi jiwa menika saged arupi manungsa lan prastawa kaliyan manungsa, kaliyan kewan, wit-witan, benda lan prastawa alam. Menawi satunggaling ingkang wonten pribadinipun saged arupi emutan rumiyen, perwakis ingkang dipunrampungaken. Sedaya menika ing jiwa manungsa ingkang gegayutan lan minangka pangalaman jiwa. Manungsa gadhah jurungan kangge nularaken pangalaman jiwa dhateng satunggaling tiyang. Panularan menika prelu alat komunikasi inggih menika basa, saengga dipunkajengaken pangewahan jiwa kadhapuk basa salajengipun dipunandharaken. Andharan menika antawis trep kaliyan boten trep, panjang lan singkat.

Tumrap pujangga proses metamorphose isi alam. Saengga gerak lan jerit binatng, ayam lan wuni tetuwuhan, geser lan swara benda ingkang kageser, sadeg dipunraosaken kados istilahpatrap lan wicara manungsa. Suwalikipun kawontenan kendel manungsa utawi kewan gampil nimbulaken asosiasi kaliyan kawontenan benda mati. Tugas manungsa njiwai lan nggesangaken mlih karya sastra jumbuh kaliyan kajengipun pujangga, saengga saged dipunpindhah pangalaman lan tanggapan jiwa pujangga. Ing bab menika kedah wonten usaha timbal balik antawis minangka konsumen, apresiator, lan panikmat karya sastra kanthi pujangga produsen karya sastra lan pamindahan pangalaman jiwa. Inggih andhap mutu karya sastra dipuntemtokaken dening katetepan pamindahan pengalaman jiwanipun. Langkung tepat jiwa menika langkung inggil mutu karya sastra menika.

Tumrap pujangga sadaya prastawa lan kawonenan alam menika sanes sakadar bab ingkang dipunlampahi lan dipunseksikaken, ananging ugi dipunraosaken minangka lambing panguasan ing nginggil kamampuan manungsa.

Salah satunggaling kalangkungan pujangga saking tiyang biasa inggih menika kasugihan asosiasi lan kawigeganipun anggenipun nglampahi ing bentuk basa. Kasanggupan gayutaken satnggalipun prastawa utawi kawontenan sabagian kathat gayut kaliyan kasugiha pangalaman jiwa lan wiyar sarta pangetahuan ingkang nglebet, langkung cekatan anggen ngawontenaken asosiasi.mekaten wiyar lan lebet saengga barang, kawontenan barang, prastawa ingkang rumiyen kados-kados boten wonten gayutanipun, boten ngandhut sinonim, dening pujangga saged dipunasosikaken. Saengga tumrap ingkang nampi basa dipunrelokaken pangetahuan ingkang cekap wiyar lan nglebet kange pangayatan asosiasi ingkang dipunkajengaken pujangga.

Wonten ing sastra Jawi panilaian pujangga langkung saking menika. Para pujangga saking Jawi Tengah ingkang amargi abatanipun dipuntugasaken nyusun tarikh-tarikh lan silsilah-silsilah dinasti Mataram, tindakipun ugi minangka ahli nujum. Miturut pamanggih tiyang sejaman samenika,tiyang boten sanes dados pujangga ingkang sae amargi bakatipun piyambak.ananging adhedhasar wahyu kapujanggan, ingkang sasampun Ranggawarsita (1803-1873) boten malih dipungadhahi dening tiyang sanes inggih ispirasipara pujangga, menawi dipungatosaken teges saking Arab wahyu ananging ingkang tegesipun kekiyatana gaib para pujangga, menawi nggatosaken nilai ingkang dipunpanggihaken dening tembung menika ing lingkungan Jawi. Lan ugi ing riwayatipun Ranggawarsita dipuntekenaken kaliyan gayutanipun kaluarga kanthi sastrawan-sastrawan lan pendheta-pendheta ingkang misuwur saking jaman rumiyen, pikantuk pawucalan ngenggingi ikhwal tasawuf Islam Jawi, lan ugi piyambakipun nyerat buku-buku mistik. Dados saged dipunbuktikaken bilih ing panilaian tiyang Jawi saking jaman samenika lan jaman rumiyen wonten satunggaling gayutan ingkang celak antawis fungsi satunggaling pendeta kaliyan fungsi satnggaling tiyang ingkang nggarap kasusastran. Wigati sanget bilih basa ingkang pundi, pabendaharan tembung ingkang sami lan bentuk sastra ingkang pundi ingkang dipunginakaken pujangga, saking pundi asalipun tema lan kados pundi mutu tiyang ingkang nyerat

utawi mirengaken karya sastra menika, kathah panyeratan sejarah ngginakaken basa Kawi inggih basa pujangga utawi Kawi ingkang beda kaliyan gaya lan bentuk basa sadinten-dinten.

C.F Winter sampun kasil ngimpun tembung-tembung Kai ingkang wonten ing anggitan para pujangga ingkang giat makarya ing Jaman Surakarta wiwitan. Wonten pangalaman jiwa ingkang teras dipuntuangaken wonten bentuk basa tanpa dipuntambah dening karsa panganggitipun. Saengga bentuk basa ingkang dipunciptakeken jumbuh kaliyan fakta ingkang dipunlampahi pujangga. Karya sastra ingkang mekaten, menawi dipuntinjo saking segi ekspresi asifat epis lan riil. Amargi kalebet ing aliran realisme. Wonten malih pangalaman jiwa saderengipun dipuntuang ing basa dipunsaring jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken panganggitipun. karya sastra ingkang dipunkasilaken badhe mbayangaken ide panganggitipun lan kalebet ing aliran idealisme. Ing satunggaling karya sastra tuladhanipun cerkak utawi roman asring dipunpanggihi ide. Ide ingkang dados ide pusatipun dipunsebat ide sentral. Menawi ide ingkang njiwai sedaya anggitan lan mangarsa alur cariyosipun dipunsebat leading idea ingkang diwujudaken ing irah-irahan utawi tema karya sastra.

Kados pundi gayutanipun pangalaman jiwa ide lan imajinasi? Kanthi istilah imajinasi dipunkajengaken kekiyatana utawi kamamuan ndhapuk utawi nyiptakaken gambaran ing penggalihan, ndhapuk wiwitan ingkang sampun wonten menawi nyipta kawiwitan ingang dereng wonten. Apresiator boten kedah tansah ngetrepaken logika ing satunggaling karya sastra. Umpaminipun pujangga nggesangaken malih paraga ingkang sampun seda, marangi kesaktian ingkang unggul sanget. Pujangga nglukisaken watak paraga cariyosingka mulya sanget saengga kados malekat utawi ingkang awon sanget kados setan. Umpaminipun ing cariyos Damar Wulan, Damar wulan seda amargi dipunlawan dening Layang Seta lan Layang Kumitir ingkangkan badhe ngrebat sirahipun Minakjingga ingkang sampun dipunpenggal kaliyan Damarwulan. Salajengipun dhateng Tunggulmanik ingkang nggesangipun malih Damar Wulan. Menawi ing donya

kasunyatan bab menika mokal kadadosan. Menawi Damar Wulan seda alur caritanipun sampun boten jumbuh kaliyan ide pujangga lan pungkasanipun cariyos beda.

Imajinasi wonten kalih warni inggih menika imajinasi visual (visual imagination) lan iamjinasi auditif (auditory imagination). Ingkang sepisan wonten amargi saking paningalan ingkang kaping kalih amargi pamirengan. Ing antawis istilah imagination tasih wonten istilah imagery lan image. Imagery inggih menika topiks ingkang kalebet bilih ing studi psychology lan ugi sastra. Imagery inggih komponen struktur geguritan, bagean saking stratum sintaksis lan stilitis.

Hanry Wells ing bukunipun Poetic Imagery, imagery wonten 7 tipe, inggih menika: decorative, sunken, violent (fustian), radical, intensive, expensive, lan exuberant.

## 2. Makna Tembung, Teges, Ide, lan Swanten ing Karya Sastra

Karya sastra kawujud menawi pujangga sampun nyamektaken (saged pangalaman jiwa mawon, mbok bilih jiwa kaliyan ide utawi imajinasi utawi kombinasi katiganipun) wonten ing bentuk basa. Pujangga sampun maringi media tumrap anggenipun ingkang awujud basa. Unsur basa ingkang langsung dipunprelokaken pujangga minangka media anggenipun inggih menika tembung. Saben tembung ngandhut makna saged tunggal menapa ganda. Istilah makna tembung inggih menika gayutan antawis tandha swanten fisiologis kaliyan pangertosan ingkang dipunkajengaken adhedhasar prasetya masarakat tumrap basa tartamtu. Makna ganda utawi polisemi minangka parkembangan makna tembung. Tembung utawi kelompok tembung ingkang dipunginakaken ing basa menika saboten-botenipun bebas saking tafsiran rangkep. Makna tembung menika saged ewah. Ewahipun makna mbok bilih saking kawontenan lingkungan, saking asosiasi., lan ugi pamindahan indera ingkang nampi. Paewahan tembung utawi sinestasi inggih menika partukaran antawis panampi kalih warni indera inggih menika pamirengan lan paningalan.

Wonten ing panilaian tembung ingkang badhe dipunginakaken minangka media angenipun pujangga asring dipunpanggihi kasukeran, amargi boten wonten tembung ingkang boten saged kados angenipun. Amargi menika boten pikantuk boten pujangga kedah ngandharaken anggenipun kanthi cara ngginakaken tembung asing, tembung.

Ing karya sastra pujangga sring ngginakaken tembung saroja inggih menika tembung-tembung ingkang tegesipun sami utawi meh sami. Ing ngandhap menika tuladha ukara ingkang ginakaken tembung saroja:

**Dhedhep idem** prabawaning wati,  
Mrih mengeta kang **mantep tetep** ing budi  
Nora **wor suh** tataning sewaka  
**Larut wirut** tedhuning dalu kalindhuh  
**Anglur selur** lakuning wong tani  
Yen narima susahe **mirut sumingkir**  
**Ayem tentrem** kang kayu wak mami

(Iramenggala, Selisir Mareng Tenggareng)

Tegesing guritan saged kabedakaken dados kalih inggih menika: tegesing sacara total lan teges gancaran ing guritan. Teges total asifat komunikatif, teges prossa asifat analitis arupi parafase. Teges gancar boten wigatos kadang kala awujud ide, cariyos, ungkapan emosi utawi padanan saking bab-bab kalawau. Ing ngandhap menika tuladha tegesing gancaran ingkang arupi cariyos:

Ana carita surasaning becik,  
Memanisse kena kanggo mulang,  
Tur carita satemene,  
Tegese ana lugu,  
Malih jeneng lagi saiki,  
Kocap tanah Palembang,  
Ana wong kacukup,  
Saka anggane anggauta,

Candhak pulak barang pametune bumi,  
Didol nyang tanah manca

(Harjowirogo, Sapu Ilang Suwe)

Tegesing gancar ingkang arupi ungkapan emosi:  
katetang tangi sira,  
sira sangpakanen kawi,  
kawileting tyas duhkita,  
kataman ing reh wirangi,  
dening ngupaya sandi,  
sumaruna anerawang panginur manuhara,  
meh pamrih melik pakoleh,  
temah suka ing karsa tanpa weweka

(Raden Ngabei Ranggawarsita, Kalatidha)

Ide wonten ing gurit minangka bagean pangalaman total ingkang dipunekspresikaken. Boboting guritan dipuntemtokaken dening pangalaman total. Pamaosing guritan ingkang sae inggih pamaos ingkang asifat reseptif kaliyan sedaya bab arupi pengalaman. Pamaos gurit saenipun mlebet ing wilayah imajinatif nalika wonten prastawa. Bab menika tegesipun mlebet wonten ide ingkang sacara objektif kaanggep boten leres. Ide wonten ing karya sastra Jawi suwau boten ketinggal lan boten dipunraos dening pamaos ingkang kirang pana. Saking menika pamaos ingkang boten saged mendhet ide ingkang dipunwahyaaken dening pujangga sampun maren kanthi sagedipun mendhet cariyosipun.

Irama lan swanten sesarengan ngasilaken menapa ingkang dipunsebat musik gurit, musik menika gadhah kalih manpangat. Ingkang sepisan inggih menika saged dipunraosakaen awujud musik. Manpangat ingkang kaping kalih nakyinaken teges lan nglancaraken komunikasi. Manpangat khusus gurit ingkang bedakaken kaliyan music inggih menika: teges utawi pangalaman saking swanten. Pujangga ngginakaken cara-cara kangge nakyinaken teges saking wontenipun swanten sepisan

pujangga saged milih tembung-tembung ingkang swantenipun saged maringi sugesti ing tegesipun. Ing teges sanes tembung-tembung kasebat ponomatope. Kaping kalih pujangga saged milih swanten-swanten lan sagolonganipun ingak gadhah efek bunyi ngremenaken utawi eufoni. Vokal-vokal langkung ngremenaken tinimbang konsonan amargi vokal gadhah swanten musical. Dene konsonan asifat bising. Nomer tiga pujangga saged nakyinaken teges saking swanten kanthi ngontrol cepeting pindhahipun gatra kanthi pilihan lan cara ngginakkaken metrum mawi pilihan ngginakaen swanten vokal lan konsonan lan mawi jeda ingkang pas. Ing sastra Jawi bab menika kasebat pedhotan utawi andhegan. Nomer sekawan pujangga yamektakaken swanten lan teges mawi kontrol swanten lan metrum, caranipun pujangga nekenaken tembung ingkang wigatos tegesipun kanthi cara nandhani tembung mawi alih terasi, asonansi, utawi maringi irama kanthi maringaken tembung-tembung kasebat ing ngajeng jeda. Ing ngandhap menika tuladha guritan ingkang ngandhut swanten musik gurit ingkang saged kanikmati dados musik saengga tegesipun radi katutup.

Tuladhanipun

Kodheng andhendheng gumendung,  
kang dendhendheng among gendhing,  
sarta ginendhingan gendhang,  
tinondhea tanpa tandhing  
dan duwe eling samendhang  
kang sinendhang kang sinandhing

(Serat Centhini)

Swanten musik gurit ingkang kaginakaken kangg nakyinaken lan jurung komunikasi katingal ing ngandhap menika  
**Thinthing aninthing** nimas wong aninthing,  
astanira gandhewa **pinenthang**,  
**pamindhangane andhetheng**,  
sesinome pating **clakunthing**,

wela-wela tur **cetha**,  
neng dhuwuring **bathuk**,  
teka pantes **acundhuk** sekar **melathi**  
kadya putri **Wiratha**,

(Serat gandrung asmara)

Ing ngandhap menika guritan ingkang ngandhut fonomatope:  
**Gluruh gluruh glerek-glerek lirih**,  
jaladara anggandhul anglayang,  
bayarsa ngesok warine,  
ron puhung anggung wuyung,  
pinda pani anyasmitani,  
aken tumameng wisma,  
warsa yun tumurun,  
tan pantala tirteng tawang,  
**titis riris** sinawang gebyaring **thathit**  
kumudha mekrok megar.

(Puspalucita)

Ing ngandhap menika gurit ingkang ngandhut eufoni  
wiwit katemu sepisan,  
tanpa karana kataman,  
ing rasa neng tumlawung,  
kedhereng kepengen srawung,  
kepengin raket kekancan,  
krasa ing telenging driya,  
rumesep rarasing rasa,

(Asmawikana, Simpati)

Guritan ingkang ngandhut kategori  
Semar muwus,  
iku ucape wong cubluk,

uga bener mangan,  
ananging kurang utami,  
utamane ngaurip budidayarja,  
mobah muwus,  
istiyar kanthi tyas ayu,  
wekel barang karya,  
yen kaya karsanta anjing,  
nora wurung sida cingkluk turun pasar,  
Petruk muwus,  
rama sira aja baung  
sanadyan cingklukan,  
awak-awaku pribadhi,  
ala becik ya tak sandhang priyangga.

(Sukir, Abimanyu Kerem)

Ing ngandhap menika guritan ingkang ngandhut swanten ing sangajengipun jedha kangege nakyinaken teges iramanipun alon:

Berah manung/ ku kung wu/ yung,  
wuyungan na/ wung wi ya/ di,  
kang dadi wot/ ing wi/ yoga,  
tan lyan dyan ba/ noncinawi,  
yen kang da dya/ ela-ela,  
linahi la/ li tan/ lali,  
Karya pangli/ wur tan/ Lipur,  
karya pan lin/ dhiih tan/ kan dhIH,  
batang pinin/ dHa tan/ padha  
barang pinandhing/ tan /pandhing,  
sabuwana/ nora ana,  
ingkang miriB/ ang/ ribi/

(Ngabehi Sindusastra, Partakrama

## BAB III

### KAENDAHAN SASTRA

#### A. Indikator Pawucalan

Sasampunipun sinau materi bab kaendahan sastra, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami tembung kias
2. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pepindhan
3. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami purwakanthi

Konotasi wigatos kangge pujangga. Konotasi minangka salah satunggaling teges, kanthi konotasi kasebat saged nedahaken teges ingkang langkung kathah. Dene donotasi inggoh menika teges ingkang nedahaken inggih menika teges ingkang kados dene teges ing infonramsi formal. Ing ngandhap menika denotasi lan konotasi tembung-tebung:

Tembung	Konotasi	Denotasi
Kencur	Mudha, prawan kencur	Bumbu pawon
sunti	Langkung dewasa, prawan sunti	Satunggal jenis kaliyan kencur
bajul	Tiyang ingkang remen kaliyan wadon lan mbebeda	Bayu ingkang enim
jago	juwara	Ayam jaler
pring	Ngapusi, pring ijo, pring ngapus	Bamboo
wijen	Pethak utawi uwan, nyambel wijen	Wijen
krupuk	Omong kosong	Krupuk

#### B. Tembung Kias

Tembung gadhah teges ingkang saestu ugi gadhah teges kias ing sastra Jawi kasebat tembung entar tegesipun sampun kesah utawi sampun pindhah saking teges ingkang saestunipun.

Ing ngandhap menika dipunsajikaken mapinten tuladha:

Teges ingkang saestu	Teges kias	Tegesipun
Watu lunyu	Lunyu ilate	Guneme mencla-mencle
Kertas tipis	Tipis lambenipun	Seneng nyatur uwong
Gawan entheng	Entheng astanipun	Cengkiling
Udan deres	Udan tangis	Akeh wong nangis
Nggugah wong turu	Nggugah susah	Marke susah
Mbalang watu	Mbalang lirik	Nglirik
mbukak petji	Mbukak wadi	Ngandhakakae wadi
Sambele pedhes	Tembunge pedhes	Tembung damel serik
Ngendhaleni jaran	Ngendhaleni hawa nepsu	Nyegah kakajengan Kang boten prayogi
Tangan kiwa	Papan kiwa	papan boten adhakani

### C. Pepindhan

Kange nerangaken katrangan pujangga asring ngginakaken tembung utawi kelompok tembung ingkang ngandhut tanggapan sami utawi meh sami. Kangge nandhingaken kaliyan wujud uatwi bab ingkang gadhah bab ingkang sami. Samining bab menika ingkang asifat wetah utawi total. Wonten ugi ingkang asifat bagean utawi persial. Tembung utawi kelompok tembung ingkang ngandhut tetandhungan asring kasebat pepindhan, ing istilah sing kasebat simile. Wujuding pepindhan ingkang paling sadarhana awujud tembung-tembung kados dene:

biru langit. Biru laut, ijo pupus , wungu terong, kuning langsang, kuning gadhing, putih tigan. Dene ingkang tegesipun suwalikipun ing istilah sastra Jawi ingkang kasebat sanepa umpaminipun:

landhep ndhengkul  
arum jamban  
loncong boton

bening lering  
renggan gula  
kumapyur kulut,  
pait madu,  
sepet ilang,  
legi brotowali,  
abang dluwang,

Istilah asing ingkang sami inggih menika Litotes. Wujuding pepindhan ingkang langkung jangkep inggih menika kanthi ater-ater ma lan a nasal utawi nasal kemawon, ing antawisipun pinindha lan pindhanipun kadosta:

lathi **amanggis karengat**,  
kulitan **amblenge keris**,  
pamidhangan **anraju emas**,  
asta **angendewa pinenthang**,  
dedege **angringin sungsang**,  
suguhane **ambanyu mili**,  
netra **ngumala**,  
rikma **ngembang bakung**,  
rikma **memak ngendra wila wilis**  
sinomi **micis wutah**,  
nagti-ati **ngudhup turi**,  
plarapan **nyela cendhani**,  
pipi **anduren sajuring**,  
lathi **anggula satemplek**,  
waja **miji timun**,  
driji **mucuk eri**,  
imba njahit **nanggal sepisan**,

Wujud pepindhan ingkang sanesipun inggih menika mapananken tembung kelompok tembung ing antawis pindha lan pindhanipun. Tembung utawi kelompok tembung ingkang asring dipunginakaken kados dene: kadya, kadyata, kadyayayah, kados, kaya, angler, lir kadya, lir pindah, minangka, mungguha, padha, apindha, amindhaha, prasasat kados, rasa, saksat, sami, sayekti, saengga, sor, kasor, tan pae lan, datan pae, tanpa sama, tanpa tandhing, umpama, umpameki, pama, pamane, yayah lan yeku, ing ngandhap menika tuladhanipun:

angken pupuring wedana, lintang sumuruping tasik  
sasriranyankasamuka kadi.

Wadya duk ingobong

Tathakatyta tiba gembunge gumebrug

Kadya perbata anakan

Ari leksmanawidagda

Dulunen resmining warih

Kadya ta manganyam-ngayam,

Samohaning kamargan

Kadya yayah neambrama pangestunipun

Dewi Supraba sakanca anglayang

Rikating lampah cumlorot kados.

Jenis pinindha lan pindhanipun saged dipunklasifikaskaken wonten mapinten golongan antawisipun:

a. Pinindha barang pindhanipun barang.

1) **Kadhaton** wolu suwarga sami,

Kang tinelad wewangananira,

2) busananing sajroning **puri**

Datan pait kalawan **pura** batara gung

- b. Pinindha isinipun wujud pindhanipun isinipunalam
  - 1)Lir gra swaran kang **tangis**,
  - 2) kadya **hayu** bajra musus,
  - Jemparing** kang nerpa putra
- c. Pinindhanipun kewan pindhanipun ugi kewan
  - 1) Kadya **singa** sardula kanthi sampeka  
Jentayu nulad lis
  - 2) **Sugriwa** pama **andaka**,  
Lawung nanging ageng brangti
- d. Pinindha kewan pindhanipun wujud  
Tinut saparan wis adoh, **kidang** apindha  
**kasangsam**, ngadheg kadi palang.
- e. Pinindha kewan pindhanipun isinipun alam
  - 1) **Jathayu** kagendra,gengnya sasat **prabata**,
  - 2) nulya milat **peksi** gung kadya **prabata**
- f. Pinindha kewan pindhanipun tetuwuhan
  - 1) Bali sarta nir ing jaja,
  - 2) Ningsun miwah Liman Hyang ngendra muni,  
Sinekep upama **dhukut**
- g. Pinindha swanten kewan pindhanipun swanten manungsa
  - 1) sarta **panjritira** kardi, **sesambat** Rama laksmono,
- h. Pinindhanipun bagean awaking manungsa pindhanipun wujud  
Kadya kumukus netraning kalih,

Merbangbang sumorot.

- i. Pinindha bagean awaking manungsa pindhanipun kewan  
**Jariji nglandhak ing ri**
- j. Pinindha bageaning awak manungsa pindhanipun isinipun alam  
Cahya aimindha wulan  
**Sariranira** kaeksi, kadya Sang Hyang **diwangkara**
- k. Pinindha bageaning awak manungsa pindhanipun tuwuh-tuwuhan  
Kuning Ramawija nyenut  
Mangun-mangning ngenani  
**Tyasnya sempal** kaperapal
- l. Pinindha isi alam pindhanipun isinipun alam  
Pan supenu suren bagaspati teduh  
Nagri Mantili direjo  
lir **guntur** kang **wukir** manik
- m. Pinindha isinipun alam pindhanipun wujud  
Asut **langening wana**, kadya **coplok sotyanipun**
- n. Pinindha manungsa pindhanipun manungsa  
Anrus ing **kasujanane**, lir **kapandhitnipun**
- o. Pinindha manungsa pindhanipun wujud  
**Sinta minangka sesutya**,  
Nageri mantili Direja  
Sayektiembananipun

- p. Pinindha manungsa pindhanipun kewan  
Laean ana cacat malih,  
**Wong** anggur kawurun,  
Demen nginum ala ngen-angene  
Ciptaan ring rusak katetarik,  
Lir **kuthila** wegig  
sabarang kawetu,
- q. Pinindha manungsa pindhanipun isi alam  
Apan **ratu** iku tyasing **bumi**,  
Wus janjine ayan amrih suka,  
Maring isineng prajane,
- r. Pinindha manungsa pindhanipun tetuwuhna  
Nanging ta panduga mami  
Yen mungguha **kembang-kembang**  
Sun **watara** sira agger  
Wus sinesep ing brama
- s. Pinindha manungsa pindhanípun dewa  
Janaka ngling sapraptanira **Sang Prabu**,  
Sasat Sang Hyang **Batharendra**,  
nedaki maring Mantili,
- t. Pinindha raksesa pindhanipun wujud  
Dyan lumepas sanjata bajra tumanduk,  
**Ditya** prawira marica,  
Kabuncang katutting angina,

Kadi **kapuk** sariranya.

- u. Pinindha raksesa pindhanipun kewan  
Ingkang wuri andeleng kang **raksesa**,  
Saka prabon ngajurit,  
Prapta ing dandaka,  
Sareng **masinga nepda**,
- v. Pinindha raksesa pindhanipun alam  
Sang Arya Kumbakarna  
Sarira gung luhur,  
Yayah prabata tanaya
- w. Pinindha raksesa pindhanipun tetuwuhan  
werandu pejah tibane,  
kadya gurdha gumebruk,
- x. Pinindha kawontenan pindhanipun kawontenan  
Samya ngarasi tan sipi  
Kadya ngeningaken napas
- y. Pinindha kawontenan pindhanipun karya  
**Gandrung-gandrung**, amangun bung,  
Konus yayah ing riyadi,  
Keris resresing wardaya  
Yayah **tan panon wiyati**
- z. Pinindha kawontenan pindhanipun ugi wujud  
Upamane ing tyas **rerenggi**,  
Ngalang-alang king,

Rerenggining satru

aa. Pinindha kawontenan pindhanipun manungsa

Wring utama sira den apengin

Den kadi sira mrih

Sengseming **Dyah hayu**

bb. Pinindha karya pindhanipun karya

Ingkang **hoyongan putrine**

Denira **tampi wuruk**

Sedaya ingkang sampun wahyaaken ing nginggil minangka pasangan Pinindha lan pindhanipun pramila kasebat pepindhan tunggal. Dene ing ngandhap menika pepindhan ganda:

a. Tanpa guna dening wang

Nora beda wetuning **angka** mawolu,

Sor tempun wektuning **surya**

Mangkana pada mapa ning **bumi**

Selajengipun metafora. Bedaniun simili kaliyan metafora. Ing simile tetandhigan kanyatakaken migunakaken pinten-pimnten tembung utawi frase ingkang nyatakan bab ingkang meh sami. Pinindha lan pindhan kasebat mau eksplisit. Dene ing lebet metafora pinindha boten kasebataken kanthi cetha amargi dipunteken dene pindhanipun. Mekatena cetha awit pinindhanipun sampun dipuntepangi dening masarakat. Ing ngandhap menika pinten-pinten tuladha metafora:

a. Ing wasana pit wau sinamber ing sang bajul darat (tegesipun copet)

Metafora saged dipunterangaken kanthi mahyaaken pindhan kanthi sacara detail. Metafora ingkang dipunprelokaken kasebat alegoris. Tuladha

kang mangkono kadi uler turi  
awit netes praktaning diwasa,  
tan lunga saka nggone,  
kang mangka bojanipun mung galihing ponar wit turi  
lami-lami kateresan,  
bolong delegipun,  
uler wedal ing sasana,  
dadi kupu brambang adi ingkang warni  
wus prapta lan sinedya,

Dene pinindhan ingkang pindhanipun wewujudan, tuwuh-tuwuhan, kewan, utawi isi alam, pindhanipun manungsa utawi tingkah lakunipun. Pepindhanipun ingkang mekate kalawau kasebat personifikasi utawi kasebat pinindha jalma. Ing ngandhap menika tuladhaipun:

bumi kanga sung bukti,  
jagad kang angsung barkat,

Pepindhan ingkang ngaandhut ajaran bab ilmu gaib utawi mistik kasebat isbat kados ing ngandhap menika:

ana pandhita akarya wangsit  
menda kumbang angajab ing tawang  
susuh angina ngendi nggone,  
lawan galihing kangkung,  
weksanane langit jaladri,  
isining wuluh wung wang,  
lan gigiring punglu,  
tapaking kuntul angrayang,  
manuk miber uluking ngungkuling langit,  
kusuma anjrah ing tawang

## D. Purwakanthi

Purwakanthi minangka tetembungan ingkang sami seratan, swanten, wonten ing tembung-tembungipun kedah endah basanipun. Purwakanthi wonten 3 jenis inggih menika:

- a. Purwakanthi guru sastra

Rinipteng pusrita rineh,

Rinuruh wosing ruwiya

Kalih larik kasebat dipunendahaken dening swanten r. Ing instilah sastra Jawi dipunendahaken dening purwakanthi utawi pasajakan. Pasajakan ing swanten r. Parsajakan menika dipunsebat purwakanthi guru sastra. Amargi pasajakan ing swanten konsonan, pramila dipunsebat aliterasi. Asring dipunsebat istilah sastra miliar.

- b. Purwakanthi guru swara

Ngelmu iku kelakone kanthi laku,

Lekase lawan kas

Tegese kas nyantosani

Setya budya pangekes dur angkara

Wedhatama- III.1

Setya budya pangekese dur angkara,

Larik kasebat dipunendahaken dening swanten a ing akhir tembung setya, budya lan angkara. Katiga tembung kasebat ngandhut bunyi ingkang sami ing akhir tembung lan saminipun ing swanten vocal a. ingkang sami swanten ing swanten vokal kasebat dipunwastani Purwakanthi guru swara utawi asonansi.

- c. Purwakanthi lumaksita

Samengko sembah kalbu,

Yen lumintu uga dadi laku,

Laku agung kang kagungan narapati,

Pratitis tetep ing kawruh,

Meruhi marang kang momong

Wedhatama- IV.11

Cobi gatosaken tembang ing nginggil. Tembung laku larik kalih dipunlajengaken tembung laku larik katiga, tembung narapati dipunlajengaken dening tembung kasekawan dipun dherek i dening tembuh meruhi ing larik gangsal. Menawi dipungatosaken katingal wonten kaitan swanten menika kalebet purwakanthi ugilan biasa dipunsebat purwakanthi lumaksita.

## BAB IV

### JENIS KARYA SASTRA JAWA

#### **A. Indikator Pawucalan**

Sasampunipun sinau materi bab karya-karya ali gancaran lan saduran, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami karya-karya asli, gancaran, lan saduran
2. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami jenis-jenis karya sastra Jawa dalam tuladhanipun

#### **B. Karya-Karya Sastra Jawa Asli, Gancaran, lan Sadhuran**

Ingkang dipunsebat karya sastra asli inggih menika karya sastra asli kasil ciptanipun panganggit ingkang boten saking jarwa utawi saduran karya sanesipun. Tuladha karya sastra asli inggih menika Suluk Wujil, Suluk Malang Sumirang, Sewaka, Serat Cebolek, Babad Guyanti, Sasana Sunu, Wulang Reh, Wulang sunu , Wulang Dalem, Babad tayu, babad pakemung, rangsang Tuban, Prabangkara, Kandhabumi, Pranacitra, Mitra Darma, Pethi Wasiat, Srat Riyanto, Wulan Dara, Jodho kang Pinasthi, o Anaku, Sintha, Gerilya Sala, Anteping Wanita, Kidung Wengi Ing Gunung Ga,mping, Dongeng Sato Kewan, Sri Kuning.

Dene sastra terjemahan inggih menika karya sastra ingkang sumberipun saking basa sanesipun lajeng kajarwaaken ing basa Jawi. Istilah gancar kaliyan jarwa kabedakaken. Dene gancaran tegesipun ngribah wujud gurit dados wujud prosa, tuladhanipun karya jarwa inggih menika: Serat Mintaraga Gancaran, Wiwaha Jarwa,

#### **C. JENIS-JENIS KARYA SASTRA JAWA**

Karya sastra Jawi gadhah isi ingkang manika warni karya sastra lisan arupi tutur lan tinular saged dipunsebat dongeng, umpaminipun dongeng kancil, timun emas, uthak-uthik ugel, koma baru klinthing, jakat tarub, jakathola, bandung

bandawasa. Karya satra serat langkung kathah gungungipun adhedhasar isinipun karya sastra serat saged kakelompokaken ing ngandhap menika:

a. Sastra babad utawi sastra sejarah

Tuladhanipun Babad tanah jawi, demak, pajang, babad mataram, babad segaluh, babad Kartasura, Babad Guyanti, Babad Prayut, Babad Blambangn, Babad Mangir, lsp.

b. Sastra suluk utawi mistik

Tuladhanipun Suluk wujil, Suluk Malang sumirang, Sukarsa, Suluk Syeh Tekawardi, Suluk Sujinah, lan sapanungghilipun.

c. Sastra Sasana utawi sastra ajaran

Tuladhanipun niti sruti, Praja, Sastra, Wulang reh, Wulang Sunu, Sasana Sunu, Wedatama, Wicara Keras, lan sapanunggiliun.

d. Sastra roman lan novel tuladhanipun Siti rikhana, Dwi Karsa, Kembang Kanthil, Wulan Dara, Jodho kang pinasthi, Anteping Tekad, lsp.

e. Sastra Pewayangan/ Lakon

Tuladhanipun, Serat Rama, Dewaruci, Arjuna Wiwaha, Mintaraga, Arjuna Sasrabahu Jagal Birawa, Abimanyu Kelem, Sembadra Larung, Panji Angleri, Panji Kelana Jayengsari, Menak Cina, Menak Kustub, Damar wulan, lsp.

a. **KAKAWIN**

Jenis-jenis karya sastra ing sastra Jawa inggih menika kakawin. Kakawin inggih menika jenising puisi Jawi Kina ingkang gadhah metrum-metrum. Dene ciri-ciri kakawin inggih menika:

1. Kakawin kaiket dening wanda ingkang dipunucapaken panjang lan pendek.
2. Wonten ing istilah ilmu mantra suwanten panjang kasebat guru utawi awrat lan bunyi pendek kasebat lagu utawi ringan.
3. Wonten ing sistem seratan kaginakaken tandha coret kangge swanten panjang/guru utawi awrat lan tandha kangge swanten pendek utawi lagu

4. Saben baris gadhah aturan panjang pendek tartamtu lan ajeg ingkang kasebat metrum.

Dene tuladha-tuladha nami metrum ing kakawin inggih menika praharsini, Kumaralalita, Wigyutmala, Halamuki, Tuwaritagati, Bhramara Wilasita, Kusuma Wicitra, Mata Mayura, Basantawilaka, Malini, Sikarini, Mrdukumala, Sadula Wikridita, Suwandana, Kusumawilasita, Kilayu anedheng, Aswalalita

#### b. KIDUNG

Karya kidung gadhah ciri wujudipun:

1. kaiket ing jumlah wanda saben baris lan swanten vokal ing akhir baris.
2. Wonten ing kidung Sinom swanten vocal ing akhir larik enim kadang kala u Dene tuladha naminun kidung: kidung pangkur, kidung durma, kidung Sorandaka, Kidung Sinom, pamijil, Wukir, lan sapanunggilipun.

#### c. TEMBANG GEDHE

Tembang gedhe minangka karya sastra ingkang kaiket pathokan. Dene pathokan tembang gedhe inggih menika:

1. Gunggungipun larik sekawan
2. Guggungipun wanda saben larik 12, dipunsebat lampah 12
3. Gurit sekawan larik kasebat dipunasmani tembang sapada
4. Amargi satunggal pada gunggungipun larik sekawan, pramila saged dipunsebat syair sekawan larik sapada utawi gita catur gatra sapada.

Tuladha-tuladha tembang gedhe lampah 5, tembang gedhe lampah 6, tembang gedhe lampah 7, tembang gedhe lampah 8, tembang gedhe lampah 9, tembang gedhe lampah 10, tembang gedhe lampah 11, tembang gedhe lampah 12, tembang gedhe lampah 13, tembang gedhe lampah 14, tembang gedhe lampah 15, tembang gedhe lampah 16tembang gedhe lampah 17, tembang gedhe lampah 18, tembang gedhe lampah 22.

#### d. TEMBANG TENGAHAN

Istilah Tembang Tengahan wonten minangka istilah Tembang Gedhe lan Tembang macapat. Sanesipun dipunginakaken tembang tengahan ugi asring dipunsebat tembang dhagel utawi tembang tanggung. Wujud tembang tengahan celak kaliyan wujudipun kakawin lan kidung. Guru wilangan nirokaken wujud kidung, lan fungsi ing seni swanten ndherek kawawin utawi tembang gedhe.

Ciri tembang tengahan inggih menika:

1. Tembang tengahan kaiket gunggung larik saben bait. Gadhah guru gatra.
2. Tembang tengahn kaiket dening gunggungipun wanda saben larik. Gadhah guru wilanganipun.
3. Tembang tengahan kaiket dening swanten vocal ing akir larik. Gadhah guru lagu utawi dhong dhing

Tuladha-tuladha tembang tengahan inggih menika: wirangrong, Pranasmara, Jurudemung, Kuswarini, Palugon, Pangajapsih.

#### e. TEMBANG MACAPAT

Tembang macapat ugi dipunsebat tembang cilik utawi sekar alit. Tembang macapat sami utawi meh sami kaliyan wujud kidung.

Wujud tembang macapat gadhah ciri inggih menika:

1. Gunggung larik saben pada lan gunggung wanda saben larik gadhah pathokan tartamtu.
2. Gunggung larik saben pada dipunsebat guru gatra, gunggung wanda saben larik dipunsebat guru wilangan.
3. Swanten vokal saben akir lari tartamtu ugi. Swanten vocal ing akir larik dipunsebat dhong-dhing utawi guru lagu.
4. Saben name tembang macapat gadhah guru wilangan ln guru lagu tartamtu

Tuladha-tuldhanipun tembang macapat inggih menika: Dhandhanggula, Sinom, Asmaradana, Pangkur, Mijil, Kinanthi,Gambuh, Megatruh (Dudukwuluh, Pucung, Maskumambang, Durma

#### f. GURIT TRADHISIONAL

Menawi dipuntingali saking wujudipun, gurit tradhisional dipunbagi dados kalih golongan. Sepisan, wujud ingkang patuh kaliyan gurit utawi konvensi gurut lan kalihipun wujud ingkang kirang utawi boten patuh kaliyan konvensi ingkang wonten. Wujud ingkang tasih matuhi konvensi gurit sacara turun-tinurun dipunsebat gurt tradhisional, menawi wujud ingkang kirangmatuhi pathokan utawi konvensi dipunsebat gurit bebas utawi gurit modern. Khususipun ing gurit Jawi dipunebat geguritan gagrag enggal.

Gurit Jawi tradisional tasih dipunbagi kalih, inggih gurit ingkang gadhah pathokan sedherhana lan gurit ingkang pathokanipun relative sampurna. Gurit ingkang pathokanipunsaderhana menika dipunsebat tembang para tegesipun gurit ingkang boten mutu. Menawi ingkang pathokanipun relative sampurna dipunsebat tembang yasan, tegesipun gurit damelan pujangga utawi sastrawan, dados mutu.

Wujud ingkang minangka unit paling ageng ing gurit Jawi dipunsebat pupuh. Istilah pupuh menikaing basa Walanda dipunsebat “zang” utawi ing basa Inggris “canto”. Salah satunggal bedanipun pokok antawis geguritan tradhisional kaliyan geguritan modern, ugi beda “tembang para” kaliyan tembang yasan, gurit modern lan tembang para boten nate nggayuh unit ingkang paling ageng inggih menika pupuh.

#### g. JENIS TEMBANG PARA

Sakirang-kirangipun wonten pitung jenis tembang para inggih paribasan, saloka, wangsalan, parikan, geguritan, gendhingan, lan lagu dolanan

##### 1. Paribasan.

Paribasan minangka museum kathahipun batin ingkang ngginakaken basa ingkang dipunekspresikaken kanthi ukara cekak lan padhet. Wonten ingkang gadhah sajak wonten ingkang boten. Kathahipun batin menika saged arupi pangalaman lan nasihat, sindiran, sikap gesang lan wonten kalapinupun asifat filosofis. Kasil panaliten paribasan Jawi nedahaken bilih mula bukanipun tuwuhsatunggaling paribasan menika ing lingkungan lapisan masarakat tartamtu. Bukanipun pangginaan paribasan naming winates ing lingkungan papan tuwuhipun ananging sampun ngremmbaka.

Saking segi instrinsik wahyaan paribasan langkung trep menawi dipuntinjau saking sudut kasusastraan. Saking segi instrinsik paribasan saged dipunbahas kanthi sosio linguistic bilih pandhapuk paribasan inggih menika anggota masarakat. Kajumbuhaken kaliyan ukum panuwuhan lan pangembangan ing sejarahipun wonten paribasan ingkang lenyap saking peredaran pangginaan basa, suwalikipun wonten ingkang tuwuh.

Paribasan ingkang tasih gesang ing masarakat wonten ingkang tasih minangka pandangan lan sikep gesang ingkang ngginakaken dumugi samenika, ananging ugi wonten paribasan ingkang boten ngilonaken gesang ingkang ngginakaken basa wekdal samenika sampun ewah.

Adhedhasar pangginaan lan pangilonipun ing masarakat, pramila paribasan saged dipunklasifikasikaken wonten 3 kategori inggih menika:

- 1) Paribasan ingkang samenika sampun boten dipunginakaken.
- 2) Paribasan ingkang samenika tasih dipunginakaken lan tasih ngilonaken sikep lan pandangan gesang ingkang ngginakaken.
- 3) Paribasan ingkang samenika tasih dipunginaken, ananging boten ngilonaken malih sikep lan pandangan gesang ingkang ginakaken.

Mapinten lapisan masarakat pandhpuk lan ingkang ngginakaken paribasan ingkang badhe dipunsajikaken ing paper cekak menika ingggih menika:

- a. Lingkungan masarakat tani

Data panyelidikan nedahaken bilih lingkungan masarakat menika ingkang paling produktif ngasilaken paribasan. Bab menika jumbuh kaliyan sifat agraris masarakat lan negari. Paribasan menika antawisipun: arang kranjang; arep jamure, emoh watange; ambanyumili; ambuntut arit; angered ori (pring) saka pucuk

b. Lingkungan lapisan masarakat ingkang wonten gayutan kaliyan pangadilan.

Lingkungan lapisan masarakat ingkang wonten gayutan kaliyan pangadilan inggih menika: anirna daya, anirna warta, anirna patra, anirna patra, anirna pandaya, akadang saksi

c. Lingkungan lapisan masarakat dagang

Tuladhanipun:

- 1) Adol lenga keri busik
- 2) Adol ayu
- 3) Adol gawe
- 4) Adol bagus
- 5) Adol umuk

d. Lingkungan masarakat tartamtu

Tuladhanipun:

- 1) Amburu kidang lumayu
- 2) Ambuang rase anemu kuwuk
- 3) Nututi kidang lumayu
- 4) Nemu kuwuk
- 5) Nrajang grumbul ana macane

e. Lingkungan masarakat pamados iwak

1. Amburu uceng kelangan deleg
2. Iwak kalebu wuwu
3. Uwis kebak sundukane
4. Enggon welut diedoli udhet
5. Kena iwake ora buthek banyune

## 2. Saloka

Anggitan iketan ingkang ameh sami kaliyan paribasan inggih menika saloka. Ingkang bedakaken antawis kalihipun inggih menika paribasan boten ngandhut pepindhan menawi saloka ngandhut pepindhan. Mbok bilih salokamenika wonten gayutanipun kaliyan sloka ing sastra Sansekerta lan Kawi. Saking segi wosipun wonten unsur-unsur ingkang sami antawis sloka Sansekerta lan Kawi kaliyan saloka. Katiganipun ngandhut wos ingkang padhet ingkang minangka dhudhutan saking prastawa lan pangalaman masarakat. Ing ngandhap menika dipunsajikaken tetandhinganipun:

- Çloka Sansekerta:

maksika vranam ioohanti dhanam ioochanti parthivah

nicah kalahan ioohanti cantin ioochanti sadhavah

tegesipun: lalat-lalat ngemenaken cuwa, pangeran-pangeran ngersakaken sugih.

Tiyang-tiyang hina ngersakaken crah, tiyang-tiyang suci nginginaken katenangan.

- Çloka Kawi

- Saloka gaya enggal

Pambeda ingkang osensiil antawis çloka Sansekerta kaliyan çloka Kawi lan saloka gaya enggal inggih menika gunggungipun wanda saben saloka menika sampuntamtu boten angsal kirang menapa langkung saking 32. Gunggungipun menika dipunbagi kalih larik, saking 16 wanda. Saben larik dipunbagi kalih, dados kalih gatra. Saben gatra wonten 8 wanda. Unsure sajak wonten ing çloka menika anes minangka ingkang esensiil. Ananging menika boten teges bilih sloka menika boten angsal ngandhut sajak. Ameh saben tembung asajak kaliyan ingkang sanesipun sacara pasangan baris sepisan lan kalih.

Saloka saged dipunbagi dados tiga golongan. Sepisan saloka ingkang ngginakaken kewan minangka pindhanipun. Tuladhanipun:

- 1) Gajah ngidak rapah

Tiyang ingkang nglanggar awisanipun piyambak.

- 2) Kebo mulih ing kandhange

Tiyang ingkang ngrantau wangslul ing kampong asalipun.

Kalih, saloka ingkang ngginakaken benda minangka pindhanipun, tuladhanipun:

- 1) Sumur lumaku tinimba.

Tiyang ingkang ngersakaken dipungurui sanget

- 2) Gong lumau tinabuh

Tiyang ingkang ngersakaken dipunsuwuni pirsa

Katiga, saloka ingkang ngginakaken tetuwuhan minangka pindhanipun, tuladhanipun:

- 1) Ketepang ngrangsang gunung.

Gegayuhan langkung inggil tinimbangaken saking kamampuanipun

- 2) Kemladhean ngajak sempal.

Sanak sedheek ingkang nyeret ing kasangsaran

Konvensi saloka.

Wonten tiga warni konservi saloka:

- a) Makna tembung ingkang kaandhut ing lebetipun inggih makna kias.
- b) Menawi dipuntangkep kaliyan makna lugas prastawa kagambar ing saloka mokal kadadosan
- c) Wontenipun pasajakan. Konversi o boten wajib.

### 3. Wangsalan

Anggitan iketan ingkang sanes ingkang iketanipun langkung katata inggih menika wangsalan. Tembung wangsalan ateges wangslulan. Wangsalan menika ngandhut kalih unsure inggih menika batangan sajenis bedhek-bedhekan lan

tembusan sajenis wangsanan. Tembusan minangka tembung utawi biasanipun wanda ingkang mirib kaliyan batanganipun. Supados saged manggihaken tembusanipun dipunprelokaken pangetahuan bab-bab ingkang mirib, mbok bilih mirib wujudipun, mirib sifatipun. Wangsanan wonten mawarni-warni. Tuladanipun:

- a) Wangsanan sadinten-dinten
  - Jati kali jebul main plompong (lompong)
  - Olehmu ngokok cendhak menika gadhah kajeng menapa? (neges-neges dadi tegesan)
- b) Wangsanan kaliyan guru wilangan 4-8
  - Jenang sela (apu) wader kalen sesondheran (sepat)  
Apuranta, yen wonten lepat kawula
- c) Wangsanan kaliyan guru wilangan 4-8 lan asunansi
  - Sastradarma (aksara jejeg) pandhan dhenok tanpa ganda (bakung) dipun ajeg andekung amrih kautaman.
- d) Wangsanan kanthi purwakanthi lampah
  - Ngreka puspa (nggubah) puspa nedheng aweh ganda (mekar) nggubah basa mingkar-mingkur ing ukara.
  - Tapas aren (duk) Aren arab wijilina (kurma).  
Tindak-tanduk nora tinggal tata karma.
- e) Adhedhsar Wospun wangsanan dipunbagi dados mapinten golongan:
  1. Wangsanan ingkang ngginakaken benda kangge batanganipun, tuladhanipun:
    - Ampilan kaprabon aji (upacara), carane rupa katri
    - Jenang sobrah ancur bang jabanan tulis (gudir)
  2. Wangsanan ingkang ngginakaken tetuwuhan kangge batanganipun. Tuladhanipun:
    - Tapas aren (duk) kang senthe wukir

Duk kuna jare ana

- Mbok aja mbalung asem (klungsu) kesusu-susu.

Konvensi wangsalan menika wonten limang warni:

- a) Wontenipun wangsalan utawi bedek-bedekan ingkang kasamar ing lebet sinonimipum.
- b) Wontenpun batangan utawi wangsanan awit wangsalan arupi wanda ingkang kasamar ing wanda utawi frasa
- c) Wontenipun guru wilangan 4-8
- d) Wontenipun guru wilangan 4-8 lan asonansi
- e) Wontenipun purwakanthi lampah inggih pangulangan tembung ing antawis kalih bagean wangsalan.

#### 4. Parikan

Parikan kalebet tembang para. Kanthi mekaten boten gadhah pupuh. Ngengingi teges parikan wonten kalih pamanggih:

Sepisan, pamanggih ingkang ngandharaken bilih parikan kadhapuk saking dhasar pari pikantuk panambang an. Ananging ing wekdal panambang an menika kadadosan proses morfofonemis panambahan fonem glottal stop k. Tembung pari kalebet tembung ragam ngoko ingkang gadhah ragam karma pantun. Kalih pendapat ingkang nyatakaken bilih tembung parikan kadhapuk saking tembung dhasar parik angsal panambang an.

Adhedhasar gayutan kalih gatra sepisan utawi larik sepisan kaliyan kalih gatra pungkasan, pramila parikan sadeg dipunklasifikasikaken dados kalih golongan.

Sepisan ingkang gadhah tautan teges antawis larik sepisan kaliyan larik kalih. Tuladhanipun:

- a) Wedang bubuk gua Jawa

### **Boten mathuk, klewa-klewa**

Ing pada sepisan wonten ingkang boten serasi, air kopi menika biasanipun ngangge gendhes pasir, wonten larik sepisan dipunsebataken ngangge gula Jawa, pramila boten mathuk.

Kalih, larik-larik parikan ingkang boten gadhah tautan teges, utawisuker sanget dipunpadosi tautanipun. Tuladhanipun:

a) Awan-awan, mlaku ngulon

Nganti edan, nora klakon

Menawi sampundipuncermati parikan ing nginggil ketingal titikan bentukipun:

- a. Saben-saben pada wonten kalih larik
- b. Saben larik dipunpedhot dados kalih gatra
- c. Saben gatra wonten saking sekawan wanda
- d. Gatra sepisan sajakipun kaliyan gatra katiga, gatra kalih asajak kaliyan gatra sekawan.
- e. Larik sepisan utawi gatra sepisan lan kalih arupi sampiran
- f. Larik kalih utawi gatra katiga lan sekawan minangka isi

Kejawi pedhoman parikan kasebat ing nginggil wonten parikan ingkang gunggungipun wanda saben larik wonten 12. Gatra ganjil wandanipun 4, menawi gatra genep wandanipun wolu. Uladhanipun inggih menika:

a) Klinthing miring, krambil bolong sisa bajing,

Miling-miling, golek tandhing Lenoir kuning.

b) Rujak nanas, pantes den wadhahi gelas,

Tiwas-tiwas, nglabuhi tiyang boten dipungagas.

Tuladha ingkang wonten variasi sajak ing ngandahp menika. Gatra sepisan asajak kaliyan gatra kalih, menawi gatra katiga asajak kaliyan gatra sekawan:

- a. Kanthong sutra, kamlewer neng sabuk wala,  
Sun dudute, yen condhong karepe
- b. Kembang pring, Narayana mlebu maling,  
Maling putri, konangan Bambang Permadi.

Tasih wonten jenis parikan ingkang gunggung wandanipun saben larik 16 ingkang kabagi dados tiga gatra. Gatra sepisan lan kalih saben gatra wonten sekawan wanda, menawi gatra katiga wonten 8 wanda. Tuladhanipun:

- Awan nglinting, wengi nglinting, sing dilinthing rokok diko,  
Awan gonjing, wengi gonjing, gonjing mikir upa jiwa.

Tuladha ing ngandhap wonten variasi gunggung wanda saben gatra, boten 8 ananging 9. Gatra-gatra dipunsusun ing ngandhap saengga saben pada katingal wonten sekawan larik, khususipun menawi katandhingaken kaliyan parikan saen larikipun wonten saking 8 wanda:

- Iwak lele mati kethuthuk,  
sundukana pring siladan,  
sore-sore kalung andhuk,  
udud srutu dolan-dolan

Parikan ingkang gayut, wonten tiga pada. Larik kalih pada sepisan kaambali ing larik sepisan pada kalih. Larik sekawan pada sepisan kaambali ing larik katiga pada kalih. Larik kalih pada kalih kaambali ing larik sepisan pada katiga. Larik sekawan pada kalih kaambali ing larik katiga pada katiga.

- Gotong royong karo sedulur,

sayuk rukun karo tangganipun,  
yen sira wis pangkat dhuwur,  
aja mikir awake dhewe,

Konvensi parikan :

Wonten wolung warni konvensi parikan inggih menika:

- a. Saben pada wonten kalih larik.
- b. Saben larik dipunedhot dados kalih gatra.
- c. Saben gatra wonten sekawan wanda kejawiparikan ingkang gunggung  
wanda saben larikipun kalih welas pramila pedhotan gatra wonten saking  
sekaan dumugi wolu wanda
- d. Gatra sepisan asajak kaliyan gara katiga, gatra kalih asajak kaliyan gatra  
sekawan kanthi variasi gatra sepisan asajak kaliyan gatra kalih, gatra  
katiga asajak kaliyan gatra sekawan.
- e. Larik sepisan utawi gatra sepisan kaliyan gatra sekawan.
- f. Larik kalih utawi gatra katiga lan kasekawan arupi isi.
- g. Larik sepisan asring gadhah patalehan makna kaliyan larik kalih, ananging  
kadang kala boten bunder ing satunggal pada. Wonten partalenan antawis  
pada sepisan kaliyan pada kalih lan salajengipun. Larik kalih pada sepisan  
dados larik sepisan pada kalih. Larik kasekawan pada sepisan dados larik  
katiga pada kalih.

## 5. Guritan

Kados dene parikan, geguritanipun kalebet tembang para. Ngengingi  
teges guritan wonten kalih pamanggih.

Sepisan, pamanggih ingkang nyatakaken bilih tembung guritan kadhapuk  
saking tembung dhasar gurit angsal panambang an. Tembung gurit saged ateges  
seratan senandung utawi pahatan. Pramila tembung nggurit utawi nggegurit  
ateges ngubah gurit, senandung, ninabobok lare alit.

Kalih, pamanggih ngandharaken bilih tembung guritan kadhapuk saking tembung dhasar gurita aksal panambang an. Tembung gurita ateges papan tulis saking kayu.

Adhedhasar pamanggih sepisan guritan ateges gurit utawi senandhung sajak. Sanesipun guritan ugi dipunginakaken istilah geguritan. Wonten ing seratan menika geguritan dipunginakaken kange wujud gurit ingkang bebea.

- a. 1. kembang jambu karuk  
tangan ngathung njaluk  
pentil asem caluk  
wahah uyah empluk
- b. 1. Watu-watu bunder,  
dinciki mingar-minguer  
sabétha-bethu bether  
sebethu- bethu bether
- c. Jeruk jingga neblem  
sekaran melok neblem  
sebathok bolu treg-tregan  
sebathok bolu treg-tregan.
- d. 1. Ing wayah sireping sore,  
neng latar kekadhar dewe,  
purama manjer pernahe,  
katon jembar kalangane  
2. padhange kaya raina,  
sing dolan wis ora ana,  
kari pak iramenggala,  
ngraras kawasaning sukama.
- e. Cohung, ora Gombak ora kuncung,  
Anggepe kaya tumenggung  
Ora jogan ora longan

- Anggepe kaya pangeran
- f. Kembang terong,  
ati bengkong oleh oncong  
mbang srigadhang, mnekar ngambar bangun enjing,  
mbang sridenta, mekar ngambar wayah rina.
- g. 1. Cohung, cohung  
ora gombak ora kuncung,  
anggepe kaya tumenggung,  
ejreg enong ajreg egung  
sisir gula jenang jagung
2. Sun gegurit prawane wong Balong,  
esuk sore ridhong-ridhong,  
wedding gawe dhemen omong,  
tangi tutu anggung ndongong,  
yen mangan entek satenong.
- h. 1. Sun amaras,  
rerengganing ngantariksa,  
nari rarasing sasangka,  
kang umimba,  
saking agraning ancala  
lelangaan neng cakrawala
2. witing klapa,  
jawata ing ngaroapada,  
salugune wong wanita  
dhasar nyata  
kula sampun njajah onaja  
ing Ngayogyakarta Surakarta
- i. 1. Sun gegurit prawane wong kampong Bali,  
gelune gedhe kemiri

yen lengan lenga sakopi  
andelewér thili-thili,  
tumane sababi mati,  
linngsane sawloh kenthí,  
digites krungu Batawi

- j. 1. Sun gegurit,  
watake wong jagalan,  
wiwit esuk nganti awan,  
uthek nggarap gegawean,  
dikon leren ajeg sungkan  
lerene mung wektu mangan,  
mula akeh wong sing eman  
aweng sandhang lawan pangan

Menawi tuladha-tuladha guritan kasebat ing nginggil dipuntingali kanthi teliti, pramila ketingal kanthi enggal-enggal titikan wujudipun.

- a. Saben pada gunggungipun wonten larik tartamtu.

Tuladha a dumugi f wonten 4 larik. Ing tuladha g. 1., 2. Wonten 5 larik. Ing tuladha h.1., lan 2 wonten 6 larik. Ing tuladha I wonten 7 larik. Ing tuladha j wonten 8 larik. Saengga adhedhaasar dhata-dhata ingkang kasemektaaken ing nginggil bilih saben larik pada guritan wonten antawis 4 dumugi 8 larik. Dipunadharaken bilih menika amargi mbok bilih wekdal sampun dipunpanggihaken guritan dumugi ingkang gadhah gunggung larik sanes saking dudutan ingkang sampun dipunpendhet. Kanthi pangajab wonten panaliten khusus.

- b. Saben larik wonten gunggung wanda tartamtu. Ing tuladha a saben larik wonten 6 wanda. Saengga saben pada pola wandanipun 6,6,6,6,. Ing tuladha b wonten variasi gunggung wanda saben larik. Larik sepisanwonten 6 wanda, larik kalih dumugi sekawan wonten 7 wanda. Saengga saben pada apola wanda 6,7,7,7.

Ing tuladha o variasi gunggung wandasaben larik langkung kathah malih. Larik sepisan wonten 6 wanda. Larik kalih wonten 7 wanda. Larik katiga lan kasekawan wonten 8 wanda. Saengga saben pada apola wanda 6,7,8,8. Ing tuladha d.1-2. Boten kadadosan variasi gunggung wanda, gunggung wanda saben larik sami, inggih menika 8. Dados polanipun mekaten: 8,8,8,8. Ing tuladha e ugi wonten variasi gunggung wanda inggih ing larik sepisan wonten 10 wanda, menawi larik-larik sanesipun wonten 8 wanda. Ananging menawi tembung sepisan swantenipun “cohung” dipunanggep minangka purwaka utawi pambuka pada lan dipunserat piyambak ing larik sepisan, saengga pada menika wonten 5 larik kanthi pola 2,8,8,8,8,. Menawi pola pada kados menapa wontenipun inggih menika 10,8,8,8,. Ing tuladha f ugi wonten variasi gunggung wanda saben larik. Menawi teknik panyeratan dipunewahi kanthi cara manunggalaken larik sepisan lan kalih pramila gunggung wanda saben larik sami inggih 12. Ananging gungggung larik saben pada namung3, saengga pada polanipun 12,12,12, menawi pola pada kados menapa wontenipun inggih 4,8,12,12. Teknik panyeratan sanes ingkang mbok bilih kadadosan inggih menika kanthi cara mecah larik katiga lan kasekawan dados 4 larik saengga pada menika wonten 6 larik ingkang apola 4,8,4,8,4,8. Ing tuladha c.1 wonten variasi gunggung wanda ing larik sepisan wonten 4 wanda, lan ing kasekawan larik ingkang sanes wonten 8 wanda, saengga pada menika polanipun 4,8,8,8,8. Ing tuladha g.2 wonten variasi gunggung wanda ing larik sepisan wonten 12 lan ing kasekawan larik ingkang sanes wonten 8 wanda. Saengga pada menika polanipun 12,8,8,8,8. Menawi frase sun gegurit dipun serat piyambak minanngkapambuka twmbung pada menika polanipun 4,8,8,8,8,8. Teknik panyeratan ingkang mekaten menika nate dipunlampahi. Ing tuladha I, variasi sepisan wonten saking 13 wanda. Larik kalih dumugi kapitu wonten 8 wanda. Saengga pada menika polanipun 12,8,8,8,8,8,8. Menawi frase sun gegurit dipunserat piyambak minangka purwaka, pramila polanipun ewah dados 4,8,8,8,8,8,8.

Ing tuladha o variasi gunggung wandasaben larik langkung kathah malih. Larik sepisan wonten 6 wanda. Larik kalih wonten 7 wanda. Larik katiga lan kasekawan wonten 8 wanda. Saengga saben pada apola wanda 6,7,8,8. Ing tuladha d.1-2. Boten kadadosan variasi gunggung wanda, gunggung wanda saben larik sami, inggih menika 8. Dados polanipun mekaten: 8,8,8,8. Ing tuladha e ugi wonten variasi gunggung wanda inggih ing larik sepisan wonten 10 wanda, menawi larik-larik sanesipun wonten 8 wanda. Ananging menawi tembung sepisan swantenipun “cohung” dipunanggep minangka purwaka utawi pambuka pada lan dipunserat piyambak ing larik sepisan, saengga pada menika wonten 5 larik kanthi pola 2,8,8,8,8,. Menawi pola pada kados menapa wontenipun inggih menika 10,8,8,8,. Ing tuladha f ugi wonten variasi gunggung wanda saben larik. Menawi teknik panyeratan dipunewahi kanthi cara manunggalaken larik sepisan lan kalih pramila gunggung wanda saben larik sami inggih 12. Ananging gungggung larik saben pada namung3, saenggga pada polanipun 12,12,12, menawi pola pada kados menapa wontenipun inggih 4,8,12,12. Tehnik panyeratan sanes ingkang mbok bilih kadadosan inggih menika kanthi cara mecah larik katiga lan kasekawan dados 4 larik saengga pada menika wonten 6 larik ingkang apola 4,8,4,8,4,8. Ing tuladha c.1 wonten variasi gunggung wanda ing larik sepisan wonten 4 wanda, lan ing kasekawan larik ingkang sanes wonten 8 wanda, saengga pada menika polanipun 4,8,8,8,8. Ing tuladha g.2 wonten variasi gunggung wanda ing larik sepisan wonten 12 lan ing kasekawan larik ingkang sanes wonten 8 wanda. Saengga pada menika polanipun 12,8,8,8,8. Menawi frase sun gegurit dipun serat piyambak minanngkapambuka twmbung pada menika polanipun 4,8,8,8,8,8. Teknik panyeratan ingkang mekaten menika nate dipunlampahi. Ing tuladha I, variasi sepisan wonten saking 13 wanda. Larik kalih dumugi kapitu wonten 8 wanda. Saengga pada menika polanipun 12,8,8,8,8,8,8. Menawi frase sun gegurit dipunserat piyambak minangka purwaka, pramila polanipun ewah dados 4,8,8,8,8,8,8.

Pasajakan wonten ing guritan kanyata variasi, bilih ing bab jenis sajak menapa ugi pamapananipun. Menawi dipungatosaken jenisipun pramila wonten kalih warni sajak. Sepisan, sajak penuh (sampurna) umpaminipun: wanda luk ing jaluk lan caluk a.2ʃ, 3ʃ wanda the ring bether b.3ʃ, 4ʃ: wanda blem ing tembung nedlem lan wanda gen ing tembung trog-trogen c. 1ʃ, 22ʃ lan 3ʃ 4ʃ. kalih sajak paruh (boten sampurna) umpaminipun swanten u king tembung karuk, njaluk lan empluk a.1ʃ, 2ʃ, 4ʃ swanten e ring tembur bunder, minger lan bether b. 1ʃ, 2ʃ, 3ʃ swanten ung ing tembung kuncung lan tumenggung e 1ʃ, 2ʃ swanten an ing longan lan pangeran e. 3ʃ, 4ʃ; swanten ong ing tembung terong lan oncong f. 1) 2); swanten ing tembung srigading lan enjing; swanten ar ing tembung sekar lan ngambar f.3); swanten a ing tembung aridenta lan rina f.4); swanten ong ing tembung kalong, ridhong-ridhong, omong, ndongong lan satenong. G. 1) 2) 2) 4) 3); menawi adhedhasar pamapanipun sacara vertikal saged dipunrumusaken polanipun mekaten:

- a. a b b a; b. a a b b; c. a a b a: d1ʃ, 2ʃ a. a. a;
- e. a a b b; f. a a b c ; g. 1ʃ 2. a a a a a;
- h.1. a a b b c c ; h.2. a b c c d d : i. a a a a a a a.

pola sajak a dipunsebat sajak peluk.

Pola sak b, c, e,h,l dipunsebat sajak ingkang sronce.

Pola sajak d., l., 2., g. 1., 2 lan I disebut sajak sami.

Pola sajak f., g.3. dan h.2. dipunsebut sajak kapedhot.

#### Konvensi Guritan

Wonten tiga warni konvensi guritan

- a. Saben-saben pada wonten saking sajumlah garis larik tartamu.
- b. Saben larik wonten gunggung wanda ingkang tartamu.
- c. Pasajakan guritan variasi, bilih ing wonten bab jenis sajak maupun pamapamanipun.

## DAFTAR PUSTAKA

- Abrams. 1981. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Hanindita Graha Wida
- Luxemburg. dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia: Pustaka Utama.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Gajah Mada University Press.
- Padmopupito, Asia. 1973. *Teori Sastra*. Yogyakarta: Yayasan Peneritan IKIP.
- Padmosoekotjo, S. 1960. *Ngengrengan Kasusastran Djawa. Jilid I dan II*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.
- RS. Subalidinata. 1981. *Seluk Beluk Kesastraan Jawa*. Keluarga Mahasiswa Sastra Nusantara Fakultas Sastra & Kebudayaan Universitas Gadjah Mada Yogyakarta.
- Siswanto, Wahyudi. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT Grasindo.
- Stanton, Robert. 2007. *Teori Fiksi*. Terjemahan Sugihastuti. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Teeuw, A. 1983. *Membaca dan Menilai Sastra*. Jakarta : PT Gramedia.
- Teeuw, A. 1988. *Membaca dan Menilai Sastra*. Jakarta : PT Dunia Pustaka Jaya
- Tim Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. 1994. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Wellek Warren. 1993. *Teori Ksusastran Jawi*. Jakarta: Gramedia: Pustaka Utama.
- Wiyatmi. 2009. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Book Publisher.